



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 18 septanm 2013

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te nonmen jodi a Jon Kaiman, Paul D. Annunziato ak Lester Petracca nan Nassau County Interim Finance Authority (NIFA). Kreye nan lane 2000, misyon NIFA se garanti Konte Nassau enplemante etap ki nesèsè pou konble fiti defisit bidjè finansye. Konsèy sèt manm lan jwenn nominasyon l nan men Gouvènè a ak de manm Lejislati a rekòmande ak yon manm Kontwolè Eta a rekòmande.

“Mwen kontan anonse nominasyon Jon Kaiman, Paul Annunziato, ak Lester Petracca nan Nassau County Interim Finance Authority,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Chak endividi sa yo pote yon richès konesans ak espètiz ki pral benefisyè alafwa gouvènman eta a ak Konte Nassau. Mwen rete kwè kontribisyon yo pral ede garanti planifikasyon fiskal responsab pou rejyon an epi konsa pwoteje lajan kontribiyab yo.”

#### **Jon Kaiman, Prezidan**

Mesye Kaiman gen yon karyè san fot nan sèvis piblik. Lotre jou la, Gouvènè Cuomo te nonmen l Konseye Spesyal pou Long Island Storm Recovery, ki enplike kowòdinasyon sipò eta a pou New York Rising Communities sou Long Island. Mesye Kaiman te travay tou kòm Sipèvizè Vil North Hempstead, kote li te jere tout operasyon toulejou ak bidjè yo ki te totalize \$150 milyon. Anba lidèchip li Vil North Hempstead te resevwa Meday Pèfòmans Asosyasyon Jesyon Vil/Konte Entènasyonal (International City/County Management Association Performance Award) nan lane 2011 ak 2012.

Anvan li te vinn Sipèvizè Vil North Hempstead, Mesye Kaiman te travay kòm yon Jij nan Tribinal Distri Konte Nassau ak Komisyonè Sekirite Piblik Vil Heamstead soti 1998 rive 2002. Li te tou yon Asosye nan Crowe, Deegan, Dickson, ansanm ak Kaiman and Finkel, de kabinè avoka. Mesye Kaiman te diplome nan Lekòl Dwa Hofstra University ak Hofstra University.

#### **Paul D. Annunziato**

Mesye Annunziato se aktyèl Premye Vis Prezidan ak Konseye Finansye pou Morgan Stanley. Responsablite li se, men pa sa sèlman, ofri sèvis envestisman bay moun ak kòporasyon, repatisyon aktif,

Haitian Creole

planifikasyon retrèt ak enpo, ak pwoteksyon sivivan. Anvan travay li nan Morgan Stanley, Mesye Annunziato te travay kòm Konseye nan Jesyon Patrimwann pou Merrill Lynch, kòm yon Responsab Kont pou Thomas James Associates nan Rochester, New York, epi kòm yon Administratè Reyòganizasyon pou Bankers Trust Corporation nan Depatman Reyòganizasyon New York.

Mesye Annunziato diplome nan Rochester Institute of Technology, kote li te resevwa B.S. li nan Jesyon Biznis. Li te tou patisipe nan yon seri pwogram akademik ak pwofesyonèl ak Merrill Lynch, nan Princeton, New Jersey, Sheffield Polytechnic Institute nan Sheffield, England, ak College for Financial Planning nan Denver, Colorado.

### **Lester Petracca**

Mesye Petracca se aktyèl Prezidan Triangle Equities. Triangle Equities spesyalize nan devlopman imobilye toupatou nan Eta New York atravè patenarya piblik-prive epi gen yon pakèt pwojè ki reyisi. Youn nan pwojè remakab li se pwojè Triangle Junction la, yon sant Target ki mezire 300.000 pye kare, sa ki te kreye revitalizasyon zòn Flatbush Avenue nan Brooklyn. Dèske li travay ak gwoup nan vil la ak nan zòn lan, bizinis la te resevwa anpil konpliman pou plizyè pwojè nan College Point, New York.

Gouvènè Cuomo te remèsye tou Ronald A. Stack pou sèvis li ak devouman li kòm Prezidan Nassau County Interim Finance Authority. Nan NIFA, Prezidan Stack te travay sere ak patenè yo onivo eta, konte ak lokal pou stabilize pwoblèm finansye ki la depi lontan nan Konte a ki anba anpil difikilte fiskal ak gwo defisit nan bidjè.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418